

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ): Fen Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS)

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a fèt pou bay enfòmasyon sèlman; li pa konsèy legal.

Pou jwenn konsèy ki adapte ak sitiyasyon pa w, tanpri konsilte yon avoka ki kalifye. Dènye mizajou: 26 Jen 2026

Pou li vèsyon konplè dokiman sa a, tanpri ale sou nyc.gov/immigrants.nyc.gov/immigrants.

Sitiyasyon Aktyèl

Nan dat 25 jen 2026, Lakou Siprèm Etazini te decide administrasyon Trump la ka mete fen nan Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) pou Ayiti ak Siri. **Sa vle di gouvènman an ka fikse yon nouvo dat ekspirasyon pou TPS pou de peyi sa yo.**

Jwenn Èd Legal

Sitiyasyon chak moun diferan. Nou ankouraje imigran k ap viv nan Vil Nouyòk yo chèche èd legal nan men yon avoka imigrasyon yo fè konfyans oswa yon Reprezantan Depatman Jistis (DOJ) ki akredite pou diskite sou opsyon yo genyen.

- **Rele Liy Asistans Legal pou Imigrasyon Vil Nouyòk la nan 1-800-354-0365** pou poze kesyon oswa jwenn referans pou sèvis legal. **Apèl la gratis, li konfidansyèl, epi sèvis la disponib nan lang pa w.**
- **Sant Sipò Legal Biwo Majistra pou Afè Imigran yo** ofri èd legal gratis ak konfidansyèl sou kesyon imigrasyon. Sant sa yo sitiye nan sant kominotè, etablisman sante piblik, lekòl piblik, ak bibliyotèk. Yo bay sèvis nan lang pa w, epi estati imigrasyon ou pa gen enpòtans pou w resevwa sèvis yo. Vizite nyc.gov/legalsupport pou jwenn plis enfòmasyon.
- Pou dènye mizajou ofisyèl yo, vizite sit entènèt USCIS pou Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) nan (www.uscis.gov/tps) epi chwazi Ayiti oswa Siri.

Estati Legal ak Opsyon

Kisa k ap pase si mwen pèdi TPS mwen?

Si ou pa [gen pwoteksyon TPS ankò](#), sa ka vle di:

- Ou ka pa gen pwoteksyon kont depòtasyon ankò

- Ou ka pèdi otorizasyon pou travay ou (pèmi travay ou)
- Yo ka mete ou nan pwosedi depòtasyon devan tribinal imigrasyon pou detèmine si ou kalifye pou rete Ozetazini.

Ki Lòt Eitati Legal Mwen Ka Mande?

Apre ou pèdi TPS, sitiwayon ou pral depann de istwa imigrasyon pa w. Ou ka kalifye pou yon lòt benefis imigrasyon selon fanmi ou, travay ou, oswa lòt sikonstans pèsònèl ou. Ou ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon Reprezantan Depatman Jistis (DOJ) ki akredite pou konprann ki opsyon ki disponib pou ou.

Fè atansyon ak fwod sèvis imigrasyon. Gen moun k ap twonpe imigran ki nan sitiwayon vilnerab. Toujou itilize yon sèvis ou fè konfyans. Si yon òf sanble twò bèl pou l ta vre, li ka yon fwod. Vizite [nyc.gov/immigrationfraud](https://www.nyc.gov/immigrationfraud) pou jwenn plis enfòmasyon.

Preparasyon pou Fanmi

Kijan mwen ka prepare pitit mwen ki fèt Ozetazini si yo depòte mwen?

Timoun ki fèt Ozetazini se sitwayen ameriken. Yo pa pèdi sitwayènte yo si yon paran pèdi TPS, epi yo ka kontinye rete Ozetazini. Anpil fanmi kreye yon [yon plan preparasyon pou fanmi yo](#) ki ka gen ladan:

- Chwazi yon moun ou fè konfyans pou pran swen pitit ou epi ekri enfòmasyon pou kontakte moun nan ak lòt kontak ijans
- Fè yon plan pou kiyès ki pral chèche timoun nan lekòl, mennen li jwenn swen medikal, epi pran swen li
- Kenbe kopi dokiman enpòtan yo nan yon kote ki an sekirite
- Pale ak pitit ou (dapre laj li) sou kiyès pou li rele si ou pa lakay
- Eksplòre opsyon finansye tankou yon *trust (fon fidisyè)* oswa yon *pwokirasyon (power of attorney)*
- Prepare lòt plan pou swen timoun nan si sa nesèsè

Sèvi ak yon gid preparasyon ou fè konfyans ak fòm preparasyon pou fanmi, epi chèche èd legal lè sa posib. Vizite [nyc.gov/knowyourrights](https://www.nyc.gov/knowyourrights) pou jwenn Gid pou Paran ak Moun k ap Pran Swen Timoun Imigran yo.

Travay, Finans ak Sèvis Vil la

Kilè Otorizasyon Travay mwen (EAD) ap ekspire?

Si ou pa gen otorizasyon pou travay atravè yon lòt estati imigrasyon, Dokiman Otorizasyon Travay ou (Employment Authorization Document – EAD) ap ekspire lè TPS ou fini. Sepandan, si ou travay san yon otorizasyon travay ki valab, ou toujou gen dwa resevwa tout salè yo dwe ou pou travay ou fè.

Èske mwen ka toujou jwenn sèvis Vil Nouyòk yo?

Kèlkeswa estati imigrasyon ou, Vil Nouyòk la la pou ede ou. Gen plizyè sèvis Vil Nouyòk ki toujou disponib pou ou ak fanmi ou, tankou:

- **Edikasyon Piblik** – Tout timoun nan Vil Nouyòk ki gen ant 4 ak 21 an ka ale nan lekòl piblik. Pou enskri, vizite schools.nyc.gov/fwc oswa rele 311.
- **Swen Sante** – NYC Health + Hospitals (H+H) bay swen ijans, swen sante debaz, egzamen medikal, vaksen, ak lòt sèvis ankò. Rele 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692) pou jwenn sant ki pi pre ou. Pou enskri nan yon plan asirans sante, tankou pwogram NYC Care, rele 646-NYC-CARE (646-692-2273) oswa vizite nyccare.nyc.gov.
- **Ijans** – Si gen yon ijans, rele 911. Yon ijans se nenpòt sitiyasyon ki mande asistans imedyata nan men lapolis, depatman ponpye, oswa anbilans. Dapre lalwa, Depatman Lapolis Vil Nouyòk (NYPD) pa ka mande viktim krim, temwen, oswa lòt moun k ap mande èd sou estati imigrasyon yo.
- Vizite nyc.ov/immigrants pou jwenn plis enfòmasyon.

Kite Etazini

Si m vle retounen an Ayiti oubyen an Siri, èske m ka retounen??

Si ou kite Etazini pou ale an Ayiti oswa an Siri, kapasite ou pou retounen Ozetazini ap depann de istwa imigrasyon ou ak si ou gen otorizasyon pou antre ankò. Nan kèk sitiyasyon, kite Etazini ka lakòz penalite anba lwa imigrasyon ki ka anpeche ou retounen pandan plizyè ane oswa menm pou pi lontan. Ou ta dwe pale ak yon founisè sèvis legal ou fè konfyans anvan ou vwayaje oswa deside deplase aletranje.

Ki kote mwen ka jwenn enfòmasyon sou lòt peyi mwen ta ka deplase ak fanmi mwen?

Si ou ap panse pou deplase ak fanmi ou, kòmanse ak:

- Enfòmasyon ofisyèl imigrasyon oswa konsila peyi kote ou vle ale a
- Ajans imanite ki gen bon repitasyon (pou konsèy sou deplasman oswa reyentegrasyon)

Yon founisè sèvis legal ka eksplike ou tou kijan deplasman an ka afekte nenpòt opsyon imigrasyon ou ka genyen Ozetazini. Ou ka jwenn tou yon lis founisè sèvis ou ka fè konfyans lè ou vizite sit entènèt MOIA a nan nyc.gov/immigrants.